

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Basa mibanda kalungguhan nu penting pisan di masarakat nyaéta pikeun alat komunikasi antar anggota masarakat. Ku cara ngagunakeun basa, manusa bisa ngaékspresikeun kahayangna. Proses komunikasi basa enas-enasna nepikeun amanat ngaliwatan basa ti pangirim ka panampa. Eta amanat téh baris nepi ka panampa upama pangirim maké basa nu bener tur merenah. Basa Sunda anu bener nyaéta basa Sunda anu dipakéna luyu jeung aturan (kaédah) basa nu geus baku kayaning aturan fonologi, tata basa, semantik, éjahan jsté. Ari basa Sunda anu merenah nyaéta basa Sunda nu dipakéna luyu jeung tujuan katut kontéks situasi makéna atawa pragmatik (Sudaryat, 2010, kc.121).

Hirup kumbuh jeung mekarna basa Sunda moal leupas tina kahirupan jeung kamekaran masarakat Sunda salaku pamaké basa Sunda. Ayana parobahan-parobahan anu lumangsung dina kahirupan masarakat Sunda, tangtuna baé bakal aya pangaruhna kana kamekaran basana. Eta hal téh saluyu jeung fungsi utama basa Sunda, nyaéta alat komunikasi anu dipaké pikeun ngayakeun kontak atawa hubungan nu digunakeun ku panyaturna.

Kalungguhan basa Sunda salaku basa daérah mibanda fungsi atawa pancén: (1) Lambang kareueus daérah (2) Lambang idéntitas daérah (3) Pakakas gaul di lingkungan kulawarga (4) Basa panganteur di Sakola Dasar (5) Pangrojong basa nasional (6) Pangrojong jeung pamekar kabudayaan nasional. (Sudaryat, 2003: 24)

Nilik kana pentingna kalungguhan basa Sunda salaku bagéan tina daérah, tétéla basa Sunda perlu dipiara, dibina jeung dimekarkeun. Sakumaha nu ditétélakeun dina Peraturan Daerah Provinsi Jawa Barat Nomor 5 Taun 2003 ngeunaan Pemeliharaan Bahasa Sastra, dan Aksara Daerah.

Basa Sunda mangrupa basa daérah kadua panggedéna di Indonesia sangeus basa Jawa, nu digunakeun ku masarakat nu aya di daerah provinsi Jawa Barat, di sabagéan daérah di beulah girang provinsi Jawa Tengah, di DKI Jakarta jeung puseur-puseur daérah transmigrasi.

Dialék basa Sunda atawa basa wewengkon nepi ka ayeuna mibanda perbédaan jeung basa lulugu. Basa Sunda wewengkon mangrupa ragam basa anu mibanda ciri-ciri husus tur mandiri sarta dipaké ku masarakat Sunda di wewengkon séwang-séwangan keur ngabédakeun diri jeung wewengkon lianna (Sudaryat, 2003)

Sacara géografis Kabupatén Brebes nyaéta kabupatén anu perenahna aya di Provinsi Jawa Tengah. Kabupatén Brebes diwangun ku 17 kacamatan, salasihijina kacamatan Salem anu mangrupa kacamatan panungtung ti beulah kidul di Kabupatén Brebes sarta mangrupa pangwates jeung Kabupatén Cilacap jeung provinsi Jawa Barat. Kaayaan daérahna mangrupa pagunungan. Pacabakan masarakatna lolobana kana tatanén. Pikeun komunikasi sapopoé, masarakatna ngagunakeun basa Sunda. Basa Sunda nu digunakeunana ogé kawilang unik, lantaran loba pisan kecap-kecap nu teu sarua jeung basa Sunda lulugu.

Panalungtikan Dialék basa Sunda geus dilaksanakeun ku sababaraha panalungtik, di antarana nyaéta: “Penelitian loka basa (Geografi dialek) Bahasa Sunda diperbatasan Jawa Barat dan Jawa Tengah Bagian Selatan” (FPBS IKIP Bandung, 1977/1978), “Basa Sunda Dialék Kecamatan Langensari Kota Banjar” (Desi Maulani Rizqi, 2007), “Basa Sunda dialek Ciamis di Kecamatan Padaherang” (Damaji:2002), “Geografi Dialek basa Sunda Suradé di Kabupatén Sukabumi pikeun Bahan Pangajaran Maca di SMP (M. Resi Septian, 2012) jeung “Basa Sunda Dialék Bekasi di Kacamatan Sétu pikeun Bahan Pangajaran Maca di SMP” (Ace Monika Murdiani, 2013). Éta panalungtikan téh ngadarakeun basa Sunda dialék luyu jeung wilayah panalungtikanana. Panalungtikan basa Sunda di wewengkon Kacamatan Salem Kabupatén Brebes can kungsi dilaksanakeun.

Ngaliwatan ieu panalungtikan dipiharep bisa méré pedaran anu teleb tur anteb ngeunaan Basa Sunda dialék Brebes di Kacamatan Salem, sarta dipiharep bisa

dijadikeun kaweruh pangbéda identitas basa Dialék nu dipimilik masarakatna. Ku kituna, hasil tina ieu panalungtikan dijadikeun bahan Pangajaran Maca di SMP anu tujuanna pikeun mikawanoh tur ngamumulé basa dialék.

Nu ngalantarankeun perluna nalungtik dialék basa Sunda Kacamatan Salem Kabupatén Brebes téh nyaéta ku sabab can aya panalungtikan ngeunaan basa dialék di Kabupatén Brebes anu identik ngagunakeun basa Jawa tapi di ieu Kacamatan maké Basa Sunda pikeun komunikasi sapopoéna jeung mangrupa fénomena kahirupan basa (Sunda) nu perlu didokumentasikeun, ogé bisa dijadikeun tatapakan pikeun stratégi kamekaran basa Sunda anu mémang salawasna mekar jeung luyu dumasar kamekaran jaman.

Dumasar kana katerangan di luhur, ieu panalungtikan anu judulna “Basa Sunda Dialék Brebes di Kacamatan Salem pikeun Bahan Pangajaran Maca di SMP”, perlu dilaksanakeun.

1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Watesan Masalah

Luyu jeung kasang tukang di luhur, ku kituna ieu panalungtikan museurkeun kana pamakéan basa Sunda nu aya di Kecamatan Salem Kabupatén Brebes. Ambahanana ngawengku widang: (1) Istilah pancakaki, (2) Istilah gaganti jeung sesebutan, (3) Istilah kahirupan désa jeung masarakat, (4) Istilah imah jeung babagianna, (5) Istilah pakakas, (6) Istilah kadaharan jeung inuman, (7) Istilah panyakit, (8) Istilah pagawéan/ pakasaban, (9) Istilah tutuwuhan jeung bungbuahan, (10) Istilah sasatoan, (11) Istilah kanyataan alam jeun usum, (12) Istilah budi parangi, (13) Istilah kaulinan (14) Kecap pagawéan, (15) Istilah pananya, panyambung, panambah jeung panganteb. Pangna nangtukeun kecap-kecap di luhur sabab éta kecap-kecap téh dipaké dina kahirupan sapopoé ku masarakat di éta wewengkon.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dina ieu panalungtikan, aya sababaraha masalah anu perlu dirumuskeun. Éta rumusan masalah téh diébréhkeun dina wangun pananya ieu di handap.

- 1) Naon waé kandaga kecap basa Sunda dialék Brebes nu aya di Kacamatan Salem Brebes?
- 2) Kumaha wangun jeung analisis kecap basa Sunda dialék Kacamatan Salem Brebes?
- 3) Kumaha peta wilayah sebaran dialek Brebes di Kacamatan Salem?
- 4) Kumaha larapna basa Sunda dialék Kacamatan Salem Brebes upama dijadikeun bahan pangajaran Maca di SMP?

1.3 Tujuan panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum tujuan anu baris dihontal dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngumpulkeun kandaga kecap basa Sunda dialék anu aya di Kacamatan Salem Kabupatén Brebes.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan ngadeskripsikeun kandaga kecap basa Sunda dialék kacamatan Salem kabupatén Brebes pikeun bahan pangajaran Basa Sunda di SMP. Ari déskripsina ngawengku:

- a. Sajumlah kandaga kecap basa Sunda dialék di Kacamatan Salem Kabupatén Brebes.
- b. Wangun jeung analisis kecap basa Sunda dialék Kacamatan Salem Brebes?
- c. Peta wilayah sebaran dialék Brebes di kacamatan Salem.
- d. Bahan pangajaran Maca nu ngandung kandaga kecap basa Sunda dialék Kacamatan Salem Brebes di SMP.

1.4 Manfaat panalungtikan

1.4.1 Manfaat Tioritis

Manfaat tioritis anu nyampak dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngeuyeuban kandaga kecap basa Sunda jeung paélmuan dialéktologi

1.4.2 Manfaat Praktis

- a. Pikeun panalungtik, bisa ngeuyeuban kabeungharan kecap basa dialék;
- b. Pikeun siswa, méré gambaran kabeungharan kecap basa Sunda dialék pikeun ningkatkeun kamampuh basa Sunda;
- c. Pikeun guru, bisa dijadikeun bahan tinimbangan dina nyusun bahan pangajaran basa Sunda.

1.5 Raraga Nulis

BAB I ngawengku kasang tukang, identifikasi jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, mangpaat panalungtikan jeung raraga tulisan.

Bab II ngawengku ulikan pustaka. Dina kajian Tiori didadarkeun ogé sababaraha poin tiori-tiori anu aya patalina jeung ieu panalungtikan. Diantarana nyaéta tiori ngeunaan dialék, basa lulugu, kandaga kecap, jeung tiori ngeunaan bahan pangajaran Maca di SMP.

Bab III ngawengku metode panalungtikan, lokasi jeung populasi sampel panalungtikan, desain panalungtikan, wangenan operasional, instrumen panalungtikan, tehnik ngumpulkeun data jeung analisis data.

Bab IV ngawengku hasil panalungtikan jeung medar ngeunaan Basa dialék Brebes nu aya di kacamatan Salem. Éta hasil panalungtikan baris dilarapkeun kana bahan pangajaran Maca di SMP.

Bab V ngawengku kacindekan jeung saran. tina hasil panalungtikan anu disingget dina rumusan masalah. Katut saran pikeun nu maca jeung pikeun ieu panalungtikan.